Landstinget Kronoberg

Нагахь санна шуна переводчик везахь, шуна лоцур ву иза. Дехар ду хаийта переводчик шайна везахь шаьш маца дог1а олучу хенахь. Цул т1аьхьа больницан белхлоша шуна лоцур ву переводчик.

# Дарба лелор хьокъехь бакъонаш

## ТІеэцар

Персоналац юкъаметтиг дика яцахь, атта цакхетам кхоллало, гІалат долу. Дарба деш болучера деккарш законехь билгалдаэьхна ду. Пациентан сан хьан бакъо ю дика а, кхерамза а, тешаме а долу дарба цхьаэца. Иштта хьан бакъо ю хьо дика тІеэцийта а, хьан дечу дарбан декъехь хила а, оьшург харжа а.

## Хьан бакъо ю хьо кхетавайта

Масала, хьан хьолаца, я диагнозац, я кхин дІа йолу прогнозашца а, методашца а доьзна. Иштта хьан бакъо ю хьайн лелош долчу дарбанех, я яздинчу молханех дерг хаа, масала, церан пайда, я хила тарло зен. Хьо цомгаш хиларна ларор вацахь, хьан чуьра цхьаммо ларъян йиш ю хьан бакъонаш.

## Дарба лелоран а, тІеэцаран а гаранти

Дарба лелоран Акт чохь хьуна бакъо ло билгальяккханчу хена дарба лелон. Иштта, хьо персоналаца дага а ваьлла, ахь районан дарбане центре хьо лела веза аьлла, я хьун дарба бахьанаш лелон оьшу аьлла ахь сацам бинчу хенар дуьйна хьуна уггар дукха собар дан дезаш йолу хан билгальяккхан ю цу дарба лелоран гарантийн чохь. Нагахь хьо тІаьхьататта йиш йоцуш цомгаш хилла, я лазийна велахь, хьан хьашташ мелла сиха кхочуш дан деза.

0 Хьан йиш ю хьайн юххерчу дарба лелон декхарелахь болчарех хьо цамогуш хиллачу дийнахь зІаьй тоьхна дагавала а, царех кхета а.

7 Нагахь персоналас хьуна лор оьшу аьлла сацам бинехь, хьан цуьнах кхетийла хила деза 7 ден чохь.

90 Персоналас хьуна специалист оьшу аьлла сацам бинехь, хьан цуьнах кхетийла хила деза 90 чохь.
Иштта бакъонаш лелаш ю шеца долу лоьран т1ехьажорна кехат т1ехь а. Коьртан дика доцу берашна а, кегирхойн а бакъо ю 30 ден чохь дарба бахьанаш лелон.

90 Нагахь дарбан лелон оьшу бахьанаш билгалдаьхнехь, уьш лелон доло деза иза сацам бинчул тІехь 90 ден чохь. Коьртан дика доцу берашна а, кегирхойн а бакъо ю 30 ден чохь дарба бахьанаш лелон.

Крунуберг Областан Комитетехь тхо болх беш ду специалист хьуна кхи а сихо т1екхачаран т1ехь. Тхо тхай даггара г1ерташ ду шуна дарба лелон 0–7–60–60 ден чохь.

Нагахь санна шуна переводчик везахь, шуна лоцур ву иза. Дехар ду хаийта переводчик шайна везахь шаьш маца дог1а олучу хенахь. Цул т1аьхьа больницан белхлоша шуна лоцур ву переводчик.

Крунуберг областан комитети оцу гарантин хенан доза лардар нислуш дацахь, хьайн дарба дан кхин меттиг лаха йиш ю хьан, хьайна лаахь. ДIа-схьа леларан мах а, дарба лелоран мах а айхьа бала дезар ду хьан тIаккха.

Нагахь ахь Крунуберг областан комитет а йоцуш, кхи дарбалелоран меттиг лаха сацам бинехь, дIа-схьа леларан мах а, х1усам лацаран мах а айхьа бала дезар ду хьан.

## Кхин лор хьажийтар/Second opinion

Цхьадолчу хьолехь хьан бакъо ю кхин лор хьайга хьажийта а, цуьна хетарг хаа. Цуьнах секанд опиньон (second opinion) олу. Дукхачу хьолехь персоналас ша караво лор, я шайн, я кхечу больницехь.

Хьан кхин лор хьажийта бакъо ю:

- хьан хьал чIогIа чолхе а, кхераме а делахь
- хьан дарба лелор шеца цхьана кепара кхерам болуш делахь
- хьан сацам т1ейог1учу хенан чIогIа маьIан долуш белахь
- хьан хьолехь хьуна оьшу дарба билгалдаккха хала делахь а.

## ТIехьажор

ТIехьажор оьшуш хуьлу, масала, хьан лоьро хьуна кхечу специалистан, я больницан гIо оьшу аьлла сацам бинехь. Иштта, айхьа хьайн лаамца лор, я специалист лаха йиш ю хьан. ТIаккха хьан кехат яздан деза хьан хьолех а, хьайн оьшучу гIоьнах а лаьцна.

Хьуна гуттара ч1ог1а специализированни дарба, я специалист-лоьран хьажар эшахь, масала рентген а йоккхуш, кхин болу лабораторни талламаш а беш, хьуна лоьран тIехьажор оьшу. Иштачу хьолан масал санна далон мегар ду чолхе долу деган лазарш а, искусственни оплодотворени а.

Хьо кхечу областехь хьайна дарба лелон меттиг лоьхуш велахь, изза т1ехьажоран бакъонаш цигахь ю лелаш.

## Гочдан бакъо

Хазар, я вистхилар дика доцу

Нагахь санна шуна переводчик везахь, шуна лоцур ву иза. Дехар ду хаийта переводчик шайна везахь шаьш маца дог1а олучу хенахь. Цул т1аьхьа больницан белхлоша шуна лоцур ву переводчик.

Хьан хазар, я вистхилар ледар делахь, я хьо шведийн маттах кхеташ вацахь, хьан бакъо ю хьайна гочдайта.

Хьо къора, я къора-бIаьрзе, я хазар гуттар чIогIа ледар долуш велахь, хьан бакъо ю куьгашца, я яздеш гочдайта, дукха долчу хьолехь. Гочдар мехаза ду, областан гочдархойн урхаллехул заказ ян йиш йолуш ду.

Кхин меттанаш

Хьан бакъо ю хьайна гочдархо веха, хьуна иза оьшуш велахь. Ахь тIеван хан юьлуш персонале ала иза, диснарг цара шаьш луьстур ду.

Хьан чуьра цхьан хьуна гочдан таро елахь а, хьуна гIолехь ду областер официальни гочдархо лацар.

## Телетал

Хьан йиш ю телетал харжа айхьа областан комутаторе зIаьй тухуш, хьо вистхиларца, я аьзца, я меттаца ледар велахь.

## Хаттарш

Хьан хьайн дарба лелоран гIуллакх плане диларца доьзна хаттарш делахь, хьо тIекхайкхинчу клиникехь, я хьо специалистан тIехьажийначу лоьре вистхила**.**

## Хьуна хетарг

Хьан дечу дарбанца йоьзна йолу хьайн ойланех лаций уггаре хьалха ахь хаьржинчу клиникан персоналац, я церан шефац дагавала. Иштта Пациентийн кхеташо (Patientnämnden) олу организаци ю хьан гIуллакхе хьажа кийча.

ЗIаьй тоха: 0470 58 85 42

Э-пошт: patientnamnden@ltkronoberg.se.